# Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması

## 2019 jıl yanvar-sentyabr aylarında tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar

Esabat dáwirinde tiykarg'ı kapitalg'a kiritilgen investitsiyanıń kólemi 7023,8 mlrd.sumdı quradı hám ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 134,1 payız o'simge erisildi. Qarjılandırıw dereklerine tallaw ju'rgizgende ulıwma kólemniń 65,3 payızın, yaǵnıy 4586,2 mlrd.sumı ajıratılǵan qarajetlerdiń esabınan, al 34,7 payızın, yaǵnıy 2437,6 mlrd.sum kárxanalardıń hám puxaralardıń qarejetleri esabınan du'zilgen.

- Oraylastırılmaǵan qarjılandiriw derekleri esabinan: 4586,2 mlrd.sum

- Karxana hám mekemelerdiń óz qarjiları esabınan: 2437,6 mlrd.sum

- Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalar kólemi 7023,8 mlrd.sum

# Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalar

**yanvar-sentyabr 2019 jil**

Esabat dáwirinde qarjılandırıwdıń oraylastırılǵan quramına 2460,2 mlrd.sum òzlestirildi bul jámi investitsiyaniń 35,0 payizin quradi hám ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 28,7 márte kóp ekenligin kórsetedi. Oraylastırılmaǵan qarjılandiriw derekleri esabinan ajıratılǵan investiciya 4563,6 mlrd.sum bolıp bul 2018- jılǵa qarata 65,0 payizǵa asqan.

Karxana hám mekemelerdiń óz qarjiları esabınan 1764,1 mlrd.sum tiykarǵI kapitalǵa investiciyalar ózlestirildi hám bul jámi investiciyaniń 25,1 payızına tuwrı keldi.Xalıq qarjıları esabınan 673,5 mlrd.sum, yaǵnıy 9,6 payız investiciyalar òzlestirildi.

Esabat dáwirinde Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditları 1147,6 mlrd.sum bolip, bul 2018 jılǵa salıstirǵanda 58,6 márte kópdir hám jámi investicsiyaniń 16,3 payızın quraydı.

Sonıń menen birge, bank kreditleri hám basqa qarız qarjıları esabınan 534,2 mlrd.sumdı quraydı (tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardiń uliwma kóleminiń 7,6 payızın quraydı), ótgen jılǵa qaraǵanda 63,4 payızǵa kamaydi. Tuwrıdan tuwrı hám basqa shet el investiciya hám kreditler esabınan 1591,8 mlrd.sum (ótgen jıldiń usı dáwirine salıstırǵanda 27,2 % hám 2,8 mártege ósgen) tikleniw hám rawajlanıw fondı qarjıları esabınan -277,2 mlrd.sum (4,0% hám 42,8 mártege kemeygen), Respublika byudjeti esabınan -958,1 mlrd.sum (13,6% hám 97,4 % ge asqan), Suw tamiynati hám kanalizaciya sistemalarin rawajlandiriw esabınan -57,1 mlrd.sum (0,8 % hám 47,2 mártege asqan), Dene tárbiyası hám sporttı rawajlandırıw fondı qarjıları -19,7 mlrd.sum yáki tiykarǵı kapitalǵa jámi investiciyaniń 0,3% ın quradı.

# Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalar

yanvar-sentyabr 2019 jil



## Múlkshilik derekleri boyınsha tiykarģı kapitalģa kiritilgen investiciyalardiń úlesi
(payızda)




%

**Mámleketlik emes múlk**

yanvar-sentyabr 2019j

%

**Mámleketlik múlk**

yanvar-sentyabr 2019j






Esabat dáwirinde tiykarģi kapitalģa mámleketlik emes múlk tiykarında kiritilgen investitsiyalar kólemi ótgen jılģa qarata 6,9 % ke kemeydi.

## Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalar

| Rayonlar | mlrd.sum. | ósim páti % | Ulıwma kólemniń % te úlesi |
|---|---|---|---|
| **Bárshe qarjılandiriw derekleri esabınan** | **7023,8** | **134,1** | **100,0** |
| **Respublika byudjetı** | **958,1** | **197,4** | **13,6** |
| **Suw támiynati hám kanalizaciya sistemalarin rawajlandiriw** | **57,1** | **147,2** | **0,8** |
| **Dene tárbiyası hám sporttı rawajlandırıw fondı qarjıları** | **19,7** | **133,9** | **0,3** |
| **Tikleniw hám rawajlanıw fondı qarjıları** | **277,7** | **42,8** | **4,0** |
| **Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditları** | **1147,6** | **158,6** | **16,3** |
| **Kárxanalar, sonday-aq jergilikli byudjet qarjıları** | **1764,1** | **131,4** | **25,1** |
| **Kommerciyaliq bank kreditleri hám basqa qariz derekleri** | **534,2** | **63,4** | **7,6** |
| **Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciya hám kreditleri** | **1591,8** | **277,0** | **22,7** |
| **Xalıqtıń qarjıları** | **673,5** | **123,6** | **9,6** |

Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardiń qarjılandırıw derekleri boyınsha eń joqarı ósim páti Respublika byudjetı esabinan ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 197,4 mártege, Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri boyinsha- ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 158,6 mártege asqan. Bul Taxiatash ıssiliq electr stansiyasinda iri investicion proekt – hár biri 230-280 MVt quwatqa iye eki gaz buwlawshi úskenelerdiń qurılısı menen baylanıslı. Bul iri proekttiń qurilisi 2017-jil oktyabr ayinan baslanip,tamamlaniw protsessi 2022 jilǵa belgilengen.

| Rayonlar | Tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalar kólemi mlrd.swm | Ótken jılǵa qarata ósim páti,% |
|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | **7023.8** | **134,1** |
| **Amiwdarya** | 170,5 | 112,2 |
| **Beruniy** | 172,5 | 108,9 |
| **Qaraózek** | 456,0 | 168,9 |
| **Kegeyli** | 88,4 | 110,3 |
| **Qońırat** | 984,1 | 114,8 |
| **Qanlikól** | 93,5 | 177,3 |
| **Moynaq** | 989,4 | 340,9 |
| **Nókis rayoni** | 163,4 | 150,8 |
| **Taxiatash** | 1383,7 | 94,2 |
| **Taxtakópir** | 49,6 | 115,0 |
| **Tórtkul** | 478,1 | 323,4 |
| **Xójeli** | 215,9 | 181,3 |
| **Shimbay** | 137,5 | 134,5 |
| **Shomanoy** | 60,5 | 102,5 |
| **Ellikqala** | 345,6 | 121,3 |
| **Nókis qalası** | 1235,1 | 118,1 |

Rayonlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investitsiyalardıń eń joqarı ósim pátleri Tórtkul rayoninda bul kórsetkish 3,2 mártege ósdi, bul quwatliǵi 2,1 mlrd.kub.metr bolǵan suw saqlaǵish qurilisi menen baylanisli hám bul esabat dáwirinde sotsial obektlerdi qurıw hám rekonstruksiyalaw menen baylanıslı, bunnan tisqari, Moynaq rayonında joqarı ósim páti 340,9 payızdı quradi. Xojeli rayoninda da joqari ósim páti guzetildi (181,3%) bul ese tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyasi hám kreditleri esabinan afset qaǵaz hám qizilmiya tamirlarin qayta islew, issiqxanalardi ornatiw jumislari esabina.




Qaraqalpaqstan Respublikasında tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń texnologik quramında qurılıs montaj jumısları ushın 3983,9 mlrd.swm ajıratıldı, uliwma kólemniń 56,7 payızın quradı, mashina, ásbab – úskene hám inventarlardı satıp alıw ushın jóneltirilgen investiciyalar kólemi 2865,1 mlrd.sumdı quradı (tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń jámi úlesi 40,8 payız) hám basqa qárejetler-174,8 mlrd.sum (2,5%).

Qarjılandırıw derekleri boyınsha tiykarǵı kapitalǵa jóneltirilgen investiciyalardıń takrar islep shiǵarıw dúzilisi




Esabat dáwirinde tiykarǵı fondlarǵa kiritilgen investitsiyalardıń kóp bólegi bar bolǵan obektlerdi keńeytiriwge, rekonstruksiya qılıw, modernizatsiya hám texnik qayta qurallantırıwǵa qaratılǵan bolıp, 5251,0 mlrd.sumdı yaki ulıwma kólemnin 74,7 payızın quradı.

Jańa qurılisqa kiritilgen investitsiyalar kólemi 1045,8 mlrd.sumdı quradı, bul 14,9 % dı, qalǵan 10,4 %ı yaki 727,0 mlrd.swmdı basqa jónelislerge ózlestirildi



• Toǵay, balıqshılıq hám awıl xojalıǵı 13,0 %



• Taw-kán sanaatı 23,5 %



• Qayta islew sanaati 16,0 %



• elektr energiyası hám gaz jetkizip beriw hám konditsiyalangan hawa 18,7 %



• Suw taminati hám kanalizatsiya 2,0 %



- Qurılıs 1,4 %



- Tasıw hám saqlaw 3,3 %



- Bilimlendiriw 3,6 %



- Uy jay qurılısı 11,0 %



- Basqa jónelisler 7,5 %

# Xalıqtıń jan basına tiykarǵı kapitalǵa investitsiyalar (mıń.sum)



Taw-kán sanaatı tarmaǵında 1652,5 mlrd.sum yaki ulıwma investiciyalardıń 23,5 payızı ózlestirilip, sonnan 1561,7 mlrd.sum yaki jami investiciyanıń 22,2 % tabiiy gazdi qazıp alıwǵa (taza qudıqlardıń iske túsiriliwi) ózlestirildi

Bunnan tısqarı ilimge 255,1 mlrd.sum ózlestirilip, jámi ulesiniń 3,6 % quradı. Den sawlıqtı saqlaw jónelisine 102,9 mlrd.sum , bul ese “Abat awıl” hám “Abat máhálle” programması sheńberinde órınlanıwı menen baylanıslı.Jámi investiciyanıń 11,0 % yaǵnıy 775,5 mlrd.sum uy-jay qurılısina sarplandı. Sonnan 915 mlrd.sum awıllıq jerlerge tuwra keldi, ulesi 13,0 % quradı.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyinsha shet el investiciyaları hám kreditleri




Ózlestirilgen shet el investiciya hám kreditleriniń 36,8 payızı elektr energiyasın hám gaz jetkizib beriw jónelisine tuwrı keldi hám 30,3 payızı qayta ishlew  sanaatı túrine ózlestirildi.

Tálim jónelisin jánede rawajlandırıw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan shara ilajlar sheńberinde jámi 136,6 mlrd.sum investiciyalar ulıwmalıq bilim orınların, (sonday-aq mektepke shekemgi bilim orınların) hám qániygelestirilgen mekteplerdi qurıw hám rekonstruksiya qılıw ushın paydalanıldı ilimdegi investiciyanıń 53,5 ın quradı. Olardıń 37,0 mlrd.sumı jańa qurılısqa ózlestırilgen, 99,6 mlrd.sumı bolsa rekonstruksiya qılıw ushın jóneltirilgen.

Mektepke shekemgi tálim órinların qurıw hám qayta ońlawǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqda hám buǵan esabat dawrinde 74,1 mlrd.sum ajratılıp, 14,5 mlrd.sumı jańadan qurıwǵa, 59,6 mlrd.sumı ese bar bolgan orınlardı qayta rekonstruktsiyalaw sarplanadı. Qońırat, Qaraózek rayonlarında har biri 160 orınlıq imarat jańadan qurılıp paydalanıwǵa tapsırıldı. Xojeli rayonında 120 orınlıq hám Shımbay rayonında 100 orınlıq, Qanlikól rayonında 70 orınlıq imarat rekonstruktsiyalanıp paydalanıwǵa tapsırıldı. Janede kólemi 13,9 mlrd.sumǵa ajratılǵan muzika hám sanaat mektepleri qurılısı dawam etpekte.

Esabat dáwrinde 227,5 km lik suw tarmaqları otkezildi sonnan 82,2 km awıllıq jerlerge tuwra keldi.

Moynaq rayonında 6,1 mlrd.sumlıq, kólemi 1000 kv.m bolǵan ashıq juziw basseyni qurılısı tamamlanıp paydalanıwǵa tapsırıldı.

Qaraqalpaqstan Respublikası
Statistika basqarması
Investiciya ham qurılıs statistikası bo'limi

Baspa ushın juwapker: Z.Seytimbetova
(0361) 222-75-91
(8372) 230-82-13
(8372) 230-82-14